



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE AJANS ETA YO POU YO PREPARE RESOUS POU  
REPONS DIJANS AMEZI TANPÈT IVÈNAL TWOPIKAL NICOLE AP AVANSE NAN  
DIREKSYON NÒ WIKENN SA A**

*Yo prevwa rès Nicole yo kòmanse afekte eta a vandredi swa epi kontinye jiska  
samdi*

*Yo prevwa 2-3 pou lapli nan New York Santral, Finger Lakes, Lwès New York ak  
rejyon North Country yo avèk ti inondasyon pobis nan zòn ki gen tandans inonde  
yo*

*Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo siveye previzyon meteyo lokal yo ak pote  
atansyon ak alèt sèvis meteyo nasyonal yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te mande ajans eta yo pou yo prepare resous pou repons ijans pandan yo prevwa rès Tanpèt Twopikal Nicole yo pral gen enpak sou New York depi nan vandredi swa, k ap pote potansyèl pou gwo lapli ak inondasyon. Pi gwo presipitasyon total lapli ki gen de a twa pou, avèk kèk total lokalize ki pi wo, yo prevwa nan rejyon Santral New York, Finger Lakes ak rejyon Lwès New York, ansanm ak zòn nan plato Tug Hill nan rejyon North Country. Gen chans pou yon ti inondasyon nan zòn ki gen tandans inonde yo epi li posib pou gen gwo van ki rive jiska 64 km pa lè, ak pi gwo vitès van yo prevwa nan sid eta a. Gouvènè Hochul ankouraje Nouyòkè yo pou kontwole previzyon lokal ak kondisyon meteyo yo deprè pandan pwochen jou yo epi swiv òdonans ijans posib ki te pibliye anvan oswa pandan tanpèt yo. Ajans ak otorite Eta New York yo te deja angaje pathè gouvènman lokal yo atravè Eta a epi rete pare pou reponn jan sa nesesè.

"Apati vandredi swa, yon sistèm meteyo fen sezon gen potansyèl pou devèse twa pou osa plis lapli nan kèk kote, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo prepare si yo ta gen yon sitiyasyon inondasyon", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Si n ap planifie vwayaje vandredi ak samdi, tanpri pran prekosyon epi tcheke kondisyon meteyo lokal yo anvan nou soti".

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare**, "Nicole ap deplase nan nò epi gen posiblite pou gen gwo lapli ak gwo van pandan kèk jou k ap vini

yo nan kèk pati nan eta a. Gouvènè Hochul ak mwen menm ap mande Nouyòkè yo pou prepare yo davans, pote atansyon sou previzyon lokal yo, fè yon plan si zòn yo an pral afekte, epi sonje pou tcheke vwazen vilnerab yo ak pwòch yo wiken sa a".

### **Preparasyon Ajans Leta yo**

#### **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò Eta a prepare pou reponn ak plis pase 3,280 sipèviziè ak operatè. Tout anplwaye sou teren yo disponib pou angaje konplètman epi entèvni. Yo ka konfigire anplwaye yo nan nenpòt ki kalite ekipaj repons ki nesesè (entèvansyon kont inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, vidaj egou, koup ak lans, siyal sikilasyon, elatriye). Nan preparasyon, ekip yo ap verifye epi netwaye estrikti drenaj yo pou asire ke yo pa gen okenn debri ak obstak. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,516 gwo kamyon abèn baskil
- 333 gwo chajè
- 79 ekskavatris sou ray ak sou kawotchou
- 72 dechiktèz
- 18 aparèy pou fè nivèlman
- 14 kamyon aspiratè ak jè egou
- 14 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

### **Otorite Thruway**

Otorite Thruway (Thruway Authority) ap siveye deprè sitiyasyon meteyo a pou tanpèt k ap vini an epi gen 651 operatè ak sipèviziè ki prepare pou reponn nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak van oswa inondasyon atravè eta a. Gen ekskavatris, chari/kamyon abèn baskil, gwo chajè, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris yo, ponp ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmti yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan sou Thruway 917 km la.

Kantite ekipman ki disponib nan tout Eta a repati konsa:

- 349 gwo kamyon baskil abèn ak ti kamyon
- 63 Gwo Chajè
- 30 Trelè
- 7 Kamyon Aspiratè
- 14 Ekskavatris
- 8 dechiktèz ak bwòs
- 100 Twonsonez
- 21 kamyon ayeryen
- 22 Chajez ak Direksyon
- 84 Jeneratris Pòtab
- 65 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil li](#), ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan

reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSAlert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

Suiv [@ThruwayTraffic](#) sou Twitter epi vizite [thruway.ny.gov](#) pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon yo pou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation)**

Ofisyè Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiayson ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou sovtaj nan dlo yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv deprè kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizitè pak yo dwe tcheke [parks.ny.gov](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

### **Depatman Sèvis Piblik**

Sèvis piblik New York yo genyen apeprè 7,125 travayè disponib pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York, pou evènman sa a. Sa gen ladan yon lòt 1,500 travayè ki sekirize pa Con Edison ak Orange & Rockland ak yon lòt 125 travayè sekirize pa divizyon nò Eta National Grid la. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye awopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta a prepare pou li deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesesè, pou ede zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilitè yo (UTV) déjà an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman komunikasyon ijans Twoup la yo.

### **Otorite Transpò Metwopoliten**

Otorite Transpò Metwopoliten ap siveye kondisyon meteyowolojik yo deprè pou asire sèvis san danje, ki fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou entèvni kont tout pwoblèm ki lye ak kondisyon meteyo yo epi retire tout pye bwa ki ta ka tonbe sou wout yo.

Pandan peryòd gwo van, MTA Bridges and Tunnels prevwa mete an aplikasyon yon entèdiksyon sou traktè-trelè ak kamyon tandem vid. Pasaj pyeton yo sou pon yo ka fèmen tou akòz gwo van yo prevwa.

Kliyan yo ankouraje tcheke [new.mta.info](http://new.mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis yo, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta ak TrainTime.

### Otorite Pòtyè (Port Authority)

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo. Restriksyon pou vitès yo gendwa an vigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo. Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon. Pou dènye enfòmasyon yo sou enstalasyon Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou [Alèt PA](#) yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo, ki enkli [RidePATH](#) ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

### Konsèy sekirite

1. Prepare pou kondisyon meteyowolojik ki grav:
2. Konn konte kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
3. Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
4. Developpe epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
5. Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsonèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
6. Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Sere dlo potab nan vesò pwòp ki byen fèmen.
7. Planifie sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
8. Kenbe yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou men.
9. Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
10. Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:
  1. Flach ak pil siplemantè
  2. Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
  3. Twous premye swen ak manyèl
  4. Manje ak dlo pou ijans
  5. Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
  6. Medsin esansyèl yo
  7. Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la nan [www.dhses.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm](http://www.dhses.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418